



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE “IMILYASYON POU MANJE” FINI NAN TOUT LEKÒL NAN NEW YORK

### *Siksè pi resan nan pwogram global “No Student Goes Hungry” Gouvènè a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nan tout lekòl nan Eta New York ki adopte plan pou fini ak “imilyasyon pou manje” etidyan pou etidyan ki pa gen lajan pou dejene. Sa a se siksè pi resan nan pwogram “No Student Goes Hungry” (Okenn Etidyan Pa Nan Grangou) Gouvènè a, ki adrese ensekirite alimantè lè li agrandi aksè a dejene gratis ak manje ki soti fre nan fèm ansanm ak asire tout etidyan yo gen aksè a manje lekòl la san yo pa pè imilyasyon. Pwogram lan gen ladan tou 1.5 milyon dola pou elaji pwogram “Farm-to-School” (Soti nan Fèm Ale Lekòl lan) ki te reyisi an. Jiskaprezan, tout lekòl ki te ekzije yo te adopte epi soumèt a siksè yon plan bay Depatman Edikasyon nan Eta New York (New York State Education Department) ki pral adrese kijan yo entèdi imilyasyon pou manje ak kijan yo pral kominike dèt manje bay paran yo pandan y ap asire chak etidyan toujou resevwa yon pla san imilyasyon oubyen wont. Yo te poste tout plan lekòl yo sou sit wèb lekòl yo.

“Pyès timoun pa ta janm dwe rete grangou - espesyalman nan lekòl- epi etidyan pa ta janm dwe resevwa imilyasyon oubyen refize yo yon pla ki ekilibre paske yo pa kapab peye”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Etap konsekan sa a nan Pwogram ‘No Student Goes Hungry’ nou an pral asire tout timoun resevwa yon pla sen nan lekòl menm si yo pa gen kòb pou dejene epi ofri yon anviwònman aprantisaj ki bay sipò pou tout etidyan ka reyisi.”

“Nou angaje pou nou ofri etidyan manje nitritif yo bezwen nan lekòl gras ak pwogram ‘No Student Goes Hungry’”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou pap tolere imilyasyon pou manje nan New York, epi distri lekòl yo atrav eta te soumèt plan pou adrese kesyon sa a. Nou vle asire tout timoun yo gen resous yo bezwen pou reyisi anndan ak deyò sal klas la, epi sa a se yon lòt etap nan efò nou yo pou amelyore opòtinite edikatif ak kalite lavi pou fanmi nan New York.”

Fè timoun wont pou zafè manje midi se yon move pratik nan kèk lekòl, kote granmoun yo fè timoun yo wont piblikman devan kanmarad yo poutèt yo pa gen lajan pou peye manje midi. Nan anpil ka, yo fòse elèv sa yo mete yon etikèt sou yo oswa yon braslè, oswa yo site non yo byen fò nan opalè. Nan lòt ka, yo bay elèv sa yo lòt kalite manje midi, ki pa osi bon, tankou paregzanp yon sandwich fwomaj tou frèt, alòske lòt elèv yo

jwenn manje midi ki byen cho. Nan ekzanp ki soti nan lòt eta, yo jis refize bay kèk timoun manje paske yo pa kapab peye.

Bidjè Gouvènè pou 2018-2019 te modifye Lwa Edikasyon nan Eta New York pou ekzije tout lekòl, piblik, non-piblik ak lekòl a chat ki ekzije etidyan pou yo peye pou yon pla lekòl la pou devlope yon plan ekri pou asire lè yon etidyan gen dèt manje ki pa peye, yo pa refize ba li manje oubyen yo trete li diferan konpare a yon etidyan ki pa genyen dèt manje lekòl ki poko peye. Yo te ekzije lekòl yo pou yo soumèt plan konplè Entèdiksyon Kont Imilyasyon pou Manje bay Depatman Edikasyon nan Eta New York. Lekòl ak distri ki deja ap patisipe nan pwogram ki ofri manje gratis bay tout etidyan, tankou Pwovizyon Kalifikasyon Kominote (Community Eligibility Provision), pat resevwa ekzijans pou yo prezante plan.

Lekòl yo dwe ofri etidyan yo manje yo prefere a. Yo entèdi lekòl yo tou pou yo patisipe nan lòt aksyon ki ta pral imilye etidyan oubyen lakoz yo anbarase akòz lajan ki pa sifi pou yon pla lekòl oubyen dèt manje lekòl ki poko peye. Plan yo ekzije tout staf ki konsène resevwa fòmasyon epi totalman konprann kijan pou yo korèkteman aplike politik la.

**Chanselye Konsèy Dirijan yo (Board of Regents) Betty A. Rosa te deklare,** “Lekòl atravè eta a ap travay chak jou pou kreye yon anviwònman kote timoun ka grandi, aprann ak santi yo ansekirite. Lè etidyan pa gen chaj pou yo sousye sou ki kote pwochen pla yo ap pral vini oubyen kijan yo pral peye pou li, yo pi byen pozisyon pou konsantre sou etid yo epi atenn potansyèl konplè yo. Mwen aplodi lekòl yo pou travay yo nan aplike estrateji enpòtan sa yo pou adrese imilyasyon pou manje”.

**Komisè Depatman Edikasyon Eta a MaryEllen Elia te deklare,** “Mwen fyè paske tout lekòl nou yo kounye a gen politik solid kont imilyasyon pou manje ki an plas ki pwoteje diyite etidyan nou yo, epi ofri sipò ogmante pou fanmi ki an difikilte. Plan y ap mete an aksyon atravè New York asire pyès timoun pap stigmatize oubyen anbarase paske yo pa gen lajan pou peye pou yon pla nan lekòl la. Nou remèsye Gouvènè a ak Lejislati a paske li rann sa yon priyorite”.

**Senatè Carl Marcellino, ki se Prezidan Komite Pèmanan Sena a sou Edikasyon (Senate Standing Committee on Education) te deklare,** “Timoun lekòl pa ta dwe santi yo anbarase oubyen wont paske yo pa kapab peye pou manje nan lekòl. Etap enpòtan sa a nan inisyativ ‘No Student Goes Hungry’ Gouvènè a pral asire tout etidyan non sèlman resevwa yon pla byen ekilibre nan lekòl, men yo pa pral resevwa yon pla ki mwens, ki pa adekwa paske yo pa gen mwayen pou li. Lè nou garanti yon pla pou chak etidyan, n ap kreye yon jenerasyon Nouyòkè ki pi solid, ki gen plis siksè”.

**Senatè Liz Krueger te deklare,** “Lè timoun lekòl, yo ta dwe ka konsantre sou aprann, pa sousye si yo pral rete grangou ou pa. Plan k ap lite kont imilyasyon pou manje sa yo pral ede asire pèfòmans akademik yon etidyan pa pral afekte paske yo imilye oubyen ridikilize yo paske yo pa kapab peye pou yon manje lekòl. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan pwoblèm enpòtan sa a”.

**Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare,** “Tou timoun lekòl ta dwe gen aksè ak manje nitritif epi yo pa dwe anwiye pyès timoun oubyen fè li santi wont paske fanmi li pa

gen mwayen pou peye manje lekòl. Mwen te choke lè m te aprann yo te bay timoun pla altènatif, ki mwen sen, tankou sandwich fwomaj frèt, epi yo te imilye yo paske yo pat ka peye. Mwen eksite paske lekòl nou yo angaje pou asire chak etidyan gen aksè a yon pla byen ekilibre nan lekòl, pou yo kapab rete konsantre ak gen enèji. Mwen kontan paske m te travay ak Gouvènè a, Senatè Krueger, epi defansè sou sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li priyorize byennèt timoun New York yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)